

# Egzanp Mesajri

## Piblik: Paran Lekòl Piblik yo

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
Antanke paran, nou gen dwa pou defann edikasyon timoun nou yo.	Nan eksperyans nou ak lekòl yo epi sistèm edikasyon yo, yo souvan fè nou fè silans e fè nou entimidasyon e nou pa ka konkretize wòl nou antanke asosye nan edikasyon timoun nou yo.	Lekòl piblik yo nan vil nou an dwe pase politik ki pwoteje dwa paran yo pou defann timoun yo san laperèz entimidasyon, silans oswa vanjans kont yo.	Mande lòt paran pou rejwenn nou nan voye imèl bay komisyon eskolè vil nou an pou mande adopte politik sa a.

## Piblik: Nouvo Manman Toupre Bank Lèt yo

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
Tout bebe ki fenk fèt merite jwenn manje yo bezwen pou yo devlope.	Sa rive souvan kote manman ki gen bebe ki fèt anvan lè yo pa gen lèt nan tete yo, sa ki se yon eleman ki ka endispansab pou sove pitit yo.	Nou ede bebe ki fèt anvan lè yo jwenn lèt manman ki pou ede sove lavi yo, lè nou pèmèt manman ki ansante yo fè kado lèt anplis yo gen nan tete yo.	Si w se yon moun ki ansante, k ap fè alètman nan moman an, tanpri bay lèt anplis ou genyen an kòm don pou w ka ede bebe ki fèt anvan lè yo devlope.

## Piblik: Manm Kongrè Pwogresis Ou an kont Manm Kongrè Konsèvatè

Valè yo	Pwoblèm	Solisyon	Aksyon
<p><b>PWEN POZITIF (PROG):</b> Timoun ak fanmi nou yo merite santi yo ansekirite.</p> <p><b>PWEN NEGATIF (CONS):</b> Sekirite piblik se prensipal sousi pou fanmi ameriken yo.</p>	<p><b>PWEN POZITIF (PROG):</b> Apwòch politik egzajere ap devaste jenès lan, moun k ap viv ak andikap yo, ak kominote moun nwa ak koulè yo, sa ki kreye yon kriz sekirite piblik.</p> <p><b>PWEN NEGATIF (CONS):</b> Krim ak vyolans yo twòp.</p>	<p><b>PWEN POZITIF (PROG):</b> Lè yo pase pwojè nouvo lwa sa a, Kongrè an t ap gen opòtinite pou asire tout kominote yo, espesyalman kominote moun nwa ak koulè yo, santi yo ansekirite.</p> <p><b>PWEN NEGATIF (CONS):</b> Lè yo pase nouvo pwojè lwa sa a, Kongrè an ta ka redui nan yon fason efikas krim ak vyolans atravè metòd ki pwouve yo pou amelyore sekirite piblik.</p>	<p><b>PWEN POZITIF (PROG):</b> Montre angajman w ak sekirite kominote an nan sipòte nouvo pwojè lwa sa a.</p> <p><b>PWEN NEGATIF (CONS):</b> Montre angajman ou pou redui vyolans epi ogmante sekirite piblik nan sipòte nouvo pwojè lwa a.</p>